

Plan prestasyon swen zye pou anplwaye – VSP



Yon rezime prestasyon swen zye pou anplwaye Rosen Hotels & Resorts yo

Pri pou asirans swen zye

	Pri chak
Pou oumenm	\$1,58
Pou oumenm ak pou fanmi w	\$4,50

Pwogram asirans swen

Prestas	Frekans	Pri pou moun ki anndan rezo a	Prestasyon an deyò
Egzamen zye: konsantre sou sante zye w ak byennèt ou an jeneral	Chak 12 mwa	Kopeman: \$10	Jiska \$52
Rediksyon pou kòrekson zye ak lazè	Yon sèl fwa pou chak zye pandan tout lavi	<ul style="list-style-type: none"> An mwayèn, 15% rediksyon sou pri nòmal la oswa 5% rediksyon sou pri ki an pwomosyon an. Rediksyon yo sèlman 	Pa disponib
Vè linèt yo Vè senp Vè bifokal ak liy Vè trifokal ak liy Vè	Chak 12 mwa	Kopeman: \$25 (pou vè yo ak monti)	Jiska \$55 Jiska \$75 Jiska \$95 Jiska \$125
Monti linèt yo	Chak 12 mwa	Pwovizyon \$130 pou monti w ap chwazi yo e 20% rediksyon sou montan ki depase pwovizyon an.	\$57
Lantiy kontak yo (ann opsyon) <i>Lantiy kontak yo ranplase vè ak monti linèt yo.</i>	Chak 12 mwa	Pwovizyon \$130 pou egzamen lantiy kontak yo (eseyaj ak evalyasyon an) ak materyo yo. Si w chwazi lantiy kontak yo, ou pral elijib pou monti linèt yo 12 mwa apre dat ou te resevwa lantiy kontak yo.	Jiska \$105
Lòt rediksyon pou linèt ak linèt solèy yo	30% rediksyon sou linèt ak linèt solèy yo (opsyon pou vè yo ladan I tou) nan men menm doktè VSP nan menm jou egzamen ou la. Oswa resevwa 20% rediksyon nan men nenpòt doktè VSP pandan peryòd 12 mwa a apre dènye egzamen w la.		Pa disponib

Chèche yon doktè VSP anndan rezo a

W ap pi byen pwofite prestasyon swen je w yo si w vizite yon doktè ki nan rezo VSP a. Pou jwenn yon lis doktè, tanpri ale sou vsp.com oswa rele 800.877.7195. Doktè VSP yo disponib nan anpil etablisman, orè yo fleksib e yo ofri yon pakèt opsyon pou swen zye.

Fason pou w benefisyé prestasyon pou swen zye

Yon fwa ou fè pati nan pwogram nan, ou mèt annik fè doktè VSP ou konn sa, e se li menm k ap jere tout lòt bagay yo. Ou pap bezwen okenn papye idantitel!

Founisè ki an deyò rezo a

Si ou vizite yon founisè ki pa fè pati nan pwogram VSP a, ou pap benefisyé menm nivo prestasyon yo. Anvan w vizite yon founisè ki pa nan rezo a, tanpri rele VSP nan 800.877.7195 pou jwenn plis enfòmasyon.

Eligibilite a

Ou kapab patisipe nan pwogram nan si w se yon anplwaye aplantan oswa atan pasyèl k ap travay omwen 24 èdtan chak semèn, jan anplwayè w la te endike sa, ki aktif nan travay la epi k ap travay Ozetazini. Lòt kondisyon eligibilite pou moun ki benefisyé yon asirans gendwa aplikab. Travayè tanporè yo oswa travayè sezonye yo pa elijib.

Eligibilite manm fanmi yo

Plan swen zye w la kapab kouvri konjen w ak pitit ou yo, depi yo gen mwens pase laj 26 ane. Ou mèt tcheke sètifica w oswa kontra asirans gwoup la pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon eligibilite yo.

Enskripsyon an reta yo

Si w deside enskri w nan pwogram nan plis pase 31 jou apre dat eligibilite a, yo pral difere dat antre an vigè a nan lòt dat anivèsè plan an.

Enfòmasyon sa yo se yon rezime prestasyon ou. Si toufwa ta gèn yon diferans ant enfòmasyon sa a ak kontra asirans lan, se kondisyon ki parèt sou kontra a k ap gen otorite.